ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№197 (23.355) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щыІащ «Искож» хьэблэм къыщызэІуаха, Къалэн куэд щагъэзащІэ центрыщІэм

● Дыгъуасэ

Іуэхутхьэбзэ 300-м нэблагъэ щызэфІагъэкІыну центрыщІэр зэраухуар зригъэлъагъу къудей мыхьу, КъБР-м и Іэтащхьэ щІэупщІащ абы щылэжьэнухэр къызэрыхахам, мы зэманым республикэм щыІэ апхуэдэ МФЦ-хэм цІыхухэр арэзы къызэращым, нэгъуэщІхэми.

УХУЭНЫГЪЭМ метр эбгъуэнатІэ 1426-рэ къызэщІеубыдэ. Республикэ мылъкум щыщу абы сом мелуан 64-рэ текІуэдащ. Центрыр къызэрэпэщащ компьютер Іэмэпсымэхэмкіэ, Іэщіагъэлізэр щагъэхьэзыр, конференц пэщхэмкіэ. Зы махуэм кІриубыдэу Іуэхущ Іапіэм цІыху 1500-рэ къокІуалІэ.

- Унэр зыхуей хуэзэуэ зэраухуар нэрылъагъущ. Ар Налшык къалэ къыщызэІутха етІуанэ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэщ. Псори зэхэту къэбгъэлъагъуэмэ, республикэм Къалэн куэд щагъэзащІэ центр 12 иІэщ. Абыхэм Іэнатіэ щагъуэтащ цІыхуи 145-м, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий. - Ауэ сэ нэхъыщхьэу къэслъытэр Іуэхущ Іапіэм щылажьэну Іэщіагъэлізхэм я зэфІэкІырщ. ЦІыхухэм мыбдеж щагъуэтыну Іуэхутхьэбзэхэмкіэ ахэр арэзы ящІын хуейщ. Зэрыхабзэу, МФЦ-м щылажьэр щІалэгъуалэрщ. Дыщыгугъынщ ди щІэблэм дыкъамыгъэщІэхъуну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр щІэупщІащ Іэщіагъэлізхэм къахыну я улахуэмэ. Ику иту сом мин 17-20 къызэрахынур къыщыжраІэм, абы къыхигъэщащ апхуэдэ лэжьыгъэ гугъум нэхъ хуэфэщэн улахуэ къыпэкІуэн зэрыхуейр, зэрагъэгушхуэ гуэрхэр Іамал зэрИэкІэ, зэрахущІыгъупхъэр.

Къалэн куэд щагъэзащІэ центрым и унафэщІхэм къыхагъэщащ Кавказ Ищхъэрэм ит апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм я пашэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ейр ящІыным зэрыхущІэкъунур. «2013 гъэм цІыху мин 33-м зыкъытхуагъэзамэ, 2016 гъэм и мазибгъум къриубыдэу мин 350-м Іуэхутхьэбзэхэр яхуэтщІащ», - къыхигъэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым Къалэн куэд щагъэзащІэ и центр» Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ АфІэуІэн Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэтащхьэм зэІущІэм и кІэуху жиІащ МФЦ-р дяпэкІи и ІэщІагъэлІэхэм я зэфІэкІым хагъэхъуэным кІэлъплъхьан зэрыхуейр, зи узынщагъэм сэкъат иІэ цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынми абы гулъытэ зэрыхущІыпхъэр. Апхуэдэуи КІуэкІуэ Юрий Налшык щыпІэ администрацэмрэ КъБР-м Псэупіэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ и министерствэмрэ пщэрылъ ящищІащ «Искож» хьэблэм илъэс куэд щІауэ зэгъэпэщыжьын хуейуэ дэт «Родина» кинотеатрым зэрелэжьыжьыну Іуэхугуэхэр зэман гъунэгъум къыхуагъэлъэгъуэну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Хабзэм тету зэрыгъэлэжьапхъэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зегъэкІуэжьмкІэ Іуэхущ Іапіэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт и комиссэм и зэІущІэ КъБР-м и Правительствэм щекІуэкІащ.

АР къыщызэІуихым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий кІыхьэхуэсахэм, ягъэкІыжжащ зэІущІэр «За достойный труд» дунейпсо махуэм зэрырагъэхьэлІар.

«А махуэр гъэлъапІэн хуейуэ Лэжьыгъэмкіэ дунейпсо Іуэхущ Іапіэм къыхилъхьауэ щытащ 1999 гъэм. Ар Профсоюзхэм я дунейпсо конфедерацэми диІыгъат. 2008 гъэм къыщыщІэзыуэ махуэшхуэр къэрали 130-м щІигъум щагъэлъапІэ хъуащ. Урысейм и щыналъэ кІэдым жэпуэгъуэм и 7-м ирагъэхьэлІэ хабзэщ Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зегъэкІуэнмкіэ Іуэхущ Іапіэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэм и зэІущІэр. Дэри ар тфІэкъабылу дыззэхыхьащ», - жиІащ Мусуковым.

Лэжьыгъэмкіэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэр ямыІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэнатіэ Іутхэм я бжьигъэм хэгъэщІыным ехьэлІауэ республикэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмкіэ, щыхуэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкіэ и министр Тюбеев Альберт.

- Лэжьыгъэмкіэ зэгурыІуэныгъэ ярымыщІыпІэу нэхъыбэрэ ущрохьэлІэ сатум, шхапІэхэм, ухуэныгъэм, транспортым, мэкъумэшым, нэгъуэщІ Іэнатіэхэми. Абы и лъэныкъуэкІэ 2014 гъэ лъандэрэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр йокІуэкІ, ауэ гугъуехьэр щыІэщ. Іэнатіэ гъэм жыджэру хэтщ щыналъэм и налог инспекцэр, Пенсэ фондыр, район комиссэхэр. Псалъэм папщІэ, 2016 гъэр къызэрихьэрэ налог Іэнатіэхэм къэпщытэныгъи 130-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, ди лэжьыгъэхэм кІрикІуамкіэ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым ещанэ увыпІэр зэриІыгъыр, - жиІащ Тюбеевым. Министрым къыхигъэщащ республикэм щыпсэухэм ящыщу цІыху мин 35-м щІигъум хабзэм тету я лэжьыгъэр ирагъэтхын зэрыхуейр. Мы зэманым абы щыщу мин 11-м я Іуэхур зэхагъэкІащ, мини 8-м лэжьыгъэмкіэ зэгурыІуэныгъэхэр иращыІилащ.

Мусуков Алий къалэ, щыналъэ унафэщІхэр къыхуриджащ щхьэж и щыпІэм деж Іуэхур нэхъ набдзэгубдзапІэу щызэзхагъэкІыну.

Лэжьакіуэхэмрэ ахэр зыгъэлажьэхэмрэ я зэхущытыкІэхэм, цІыхухэм нэхъ мащІэ дыдэу къахь улахуэм и Іуэхур зэрыщытым, нэгъуэщІхэми тепсэлъыхьащ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэ.

«Мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхугъуэу мы гъэм къыдэхъулІащ лэжьакІуэхэм нэхъ мащІэ дыдэу къахьыр сом мини 7,5-м нэгъэсыным теухуауэ бадзэуэгъуэм и 1-м къыдагъэкІа унафэр. А Іуэхум жыджэру яужь итащ Урысейм и Профсоюзхэм я Федерацэр. Абы и лъэныкъуэкІэ ди мурадхэр зэпымыууэ къыддалыгъащ УФ-м и Къэрал Думэм и фракцэхэм я «Солидарность» лэжьакІуэ гупым хэт депутатхэми. ЗэщІэгъэуІуа лэжьыгъэкІэ тхуэзэфІэкІащ улахуэ нэхъ мащІэ дыдэр процент 21-кІэ къедгъэІэтыну. Зи улахуэм хэгъэхъуапхъэхэм къыхэщІыуфыдащ цІыху зы мелуаным нэблагъэ. Абыхэм ящыщу процент 87-р къэрал, муниципальнэ Іуэхущ Іапіэхэм Іутщ, процент 13-р мыкъэрал Іэнатіэхэм щолажьэ. Дыщогугъ лэжьакІуэхэм я псэукІэр зэрефІэкІуэнум ар и ялэ лъэбакъуэу, - жиІащ Амщокъуэм. - Профсоюз Іуэхущ Іапіэхэр зэпымыууэ кІэлъплъу лэжьакІуэхэм я хуитыныгъэр хъума зэрыхъум. Къэбгъэльагъуэмэ, Урысей статистикэм къызэритамкІэ, лэжьыгъэмкіэ зэращІылІэ зэгурыІуэныгъэм хуэдэ ямыІэу Урысей Федерацэм цІыху мелуан 16-м щІигъу Іэнатіэ щыІутщ. Абы къикІраци, апхуэдэхэм налог ятырккым, я улахуэм къыхэкІыу социальнэ медицинэ страховании, Пенсэ фондым, нэгъуэщІхэми ягъэкІуэн хуей ахъшэр я жылым кьонэж. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкіэ, а бжьигъэр сом триллиони 3-м ноблагъэ.

ЗэІущІэм я Іуэху елпъыкІэхэр къыщагъэпльэгъуащ «КъБР-м промышленникхэмрэ хъэрычэтыщІэхэмрэ я зэгугъэныгъэ» щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Мэшыкъуэ Хьэсэнбий, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкіэ и министр Тубаевым Анзор сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зегъэкІуэнымкіэ Іуэхущ Іапіэ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэм къалэн зыщищІыжащ илъэсым и кІэ пІонэ мы лажьыгъэм гулъытэ хэха хуищІыну.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъэ.

● Хъыбар гуапэ

УФ-м и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэщ Тау Хьэсэнбий

УФ-м Дзюдомкіэ и федерацэм и отчёт-хэхыныгъэ конференц щэбэт кІуам Мэзкуу щекІуэкІащ. Ди лъахэгъу Тау Хьэсэнбий къэралым и цІыхухъу гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу абы щагъэуващ.

ТАУ ХЬЭСЭНБИЙ 1977 гъэм Налшык къыщалъхуащ. Урысей Федерацэм дзюдомкІэ и чемпион 2000, 2001 гъэхэм хъуащ. Европэм, дунейпсо утыкухэм ехъулІэныгъэфІэхэр щІащ, Афины щекІуэкІа Гъэмахуэ Олимп джэгуэгум жэз медалыр къыщыхьащ. Урысейм спортымкіэ щІыхь зиІэ и мастерщ, къэралым и дамыгъэ лъапІэ зыбжанэ кьратащ.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ Тау Хьэсэнбий Урысей Федерацэм дзюдомкІэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжьу мэлажьэ, иджы тренер нэхъыщхьэ къулыкъур къыхуагъэфэщащ. Абы и иужьрей гъэсэнхэм ящыщщ Рио-де-Жанейрэ и олимп чемпион Мудрэн Беслъэн.

Сыт хуэдэ спорт лІэужьыгъэмкіи къэралым и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу адыгэхэм ящыщу иджы ялэ дыдэу Тау Хьэсэнбий ягъэуващ. А пщІэ лъагэм ар зэрыхуэфэщэнум шэч къытетхъэркъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.
Сурэтым: **Тау Хьэсэнбийрэ Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр МУТКО Виталийрэ.**

● ТхьэлъыщІэ

Нало Заур и псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Нало Заур и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса тхылъым и ещанэ томыр.

ФИГУ къэдгъэкІыжьнщи, нэхъапэкІэ къыдэкІа ялэ томым ихуащ Налом и новеллэхэр, етІуанэм - усэхэр, поэмэхэр, повесткэр.

Ещанэ тхылъым щызэхуэхьэсащ пцІыІэрышэхэр, псысэхэр, таурыхъхэр. Мы къыдэкІыгъуэм ихуа дэтхэнэ зы тхыгъэми уэлІэпишэу уоджэ, гъэщІэгъуэнагъ гуэр къыхэбгъуатэу апхуэдэщ. Нало Заур и творчествэм щыгъуазэхэм ящІэ абы хуэдэу щІэщыгъуэу, бзэ къулейкІэ псысэхэр, таурыхъхэр «къзэрыуэтэж» зэрыщымыІэр. «Налор сытым темытхъихьми, абы къигъуэтырт нэгъуэщІым гу зылъамыта хьэлэмэт гуэр. Абыхэм укъыщеджэкІэ удэзыихьэхри къэхъугъэ зэхуэмыдэхэм я гъэщІэгъуэнагъым и закъуэкъым, уеблэмэ абыхэм ялэ къыпфІоувэ ахэр къыздэкІуэта анэдэлъхубзым и дахагъэмрэ и къарумрэ», - жеІэ филологие щІэныгъэхэм я доктор Гъут Іэдэм. Абы и лъэныкъуэкІэ мы тхылъыр ди лъэпкъым дежкІэ хъугъуэфІыгъуэ мылъытэщ.

Псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ пцІы яупсурэ, зи гугъу ящІ Іуэхур егъэлеяуэ гъэщІэрэщІауэ къаІуэтэжурэ зэхалъхьэу аращ. Ауэ абыхэм гупсысэ яхэлъу икІи цІыхур ягъэдыхьэшхьэу щытын хуейщ. АбыкІэ щапхъэщ Налом и псысэхэмрэ таурыхъхэмрэ.

«Пцы псысэхэр пщІэи гулъытэ зыхуэщІын хуей жанр хьэлэмэтщ - угупсысэхэнумэ, уагъэгупсысэу, мыкъумышІэр ауанкІэ ягъэпуду, хабзэнэмысыр зезыхьэхэр ягъэлапІэу, цІыху езэшам гуукъдэж кърату...», - дыкъыщоджэ тхылъым и пэублэм Нало Заур и псалъэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Урыс географие зэгухьэныгъэм псыщІагъ къэхутэныгъэхэмкІэ и центрым къипщытэжащ Гуэл щхъуантІэр джыным хуэгъэзауэ зэфІигъэкІахэр

Республикэм и премьер-министр Мусуков Алий дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Гуэл щхъуантІэр джынымкІэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщыныгъэ егъэкІуэкІыныгъэ гупым я зэІущІэ.

АБы хэтащ республикэм и Правительствэм и лэжьакІуэхэр, Урыс географие зэгухьэныгъэм псыщІагъ лэжьыгъэхэмкіэ и центрым, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я лІыкІуэхэр.

Центрым и гъэзэщІакІуэ унафэщІ Фокин Сергей Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэр къазэрыдэлэжьам икІи къэхутэныгъэхэр егъэкІуэкІыныжьмкІэ дэІэпыкъуэгъуэхэр къазэрыхуэхъуам пащІэ фІыщІэ яхуищІри, щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм къарикІуахэм тепсэлъыхьащ.

Къапщтэмэ, мазищ хуэдиз нэхъ дэмыкІыу яухынущ гуэлым и лъэгум и 3D моделыр, апхуэдэу гуэлым и куугъкІэ ехьу къащта щІыр, псыр, минералхэр лабораторэхэм щаджэнущ.

Къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, гуэл лъабжьэм бгъуэнщІагъхэр, тоннелхэр куэду щыІэщ икІи ахэр псори зэпыщІащ. Гуэлым и щІагъым псы щІож, апхуэдэу абы и дэтхэнэ щІыпІэмри псынэхэр къыщыщІож. Псори зэхэту мазищ къэс апхуэдэ псыуэ гуэлым къыхэлъадэр метр зэбгъуэнатІэ мин 70 хъууэ къабжащ. Биологие къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльагъуамкІэ, псы удэхэри Кавказ щІыналъэм куэдрэ узыщримыхьэлІэ лІэужьыгъуэ защІэщ.

ЗэІущІэм хэтахэм къагъэлъэгъуащ мы щІыпІэр хъумэным теухуа комплекс план зэхэлъхьэпхъэу икІи а щІыналъэм зэпымыууэ кІэлъплъыхьи хуейуэ къызэралъытэр. Адэкіэ щІэныгъэлІэхэр кІэлэрыхьа материалхэм нэхъ кууэ елэжьынущ, траха сурэтхэмрэ видеоматериалхэмрэ апкъ иткІэ мы Гуэл щхъуантІэм теухуа документальнэ фильм ягъэхьэзырынущ.

Зыхуэбгъэдэн щымыІэ мы щІыпІэр джыным къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ Урыс географие зэгухьэныгъэм псыщІагъ къэхутэныгъэхэмкІэ и центрым и гъэзэщІакІуэ директор Фокин С. Г. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩІыхь тхылъыр иратащ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитет.

● Хъыбарегъащ Іэ

Республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ фрагъэблагъэ

УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ симфоние Музыкэмкіэ V Дунейпсо фестивалым. Темыркъан Юрий и цІэкІэ къызэрагъэпэщам.

ФЕСТИВАЛЫР 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м къызэІуахынущ. Музыкэ къэрал театрым зыкъыщигъэльэгъуэнущ Италием щыщ пианист цІэрыІуэ, Милан дэт консерваторэм и профессор Леви-Минци Карло. Программэм хэтынущ дунейпсо классикэ музыкэм и макъамэ нэхъыфІхэр.

ЩыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 77-42-08, 40-31-49.

НОБЭ

♦**Хъыджэбз цІыкІухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Башкортостан Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

♦**Абхъазым Іэщэкіэ зэщІэузэда и къарухэм я махуэщ**

♦**Іэшырыі махуэщ**

♦**1138 гъэм** Алеппэ щІыр щыхьэещ. АпхуэдизкІэ пІэущу щІыр иутхыпщІати, ар цІыухэм ялъэгъуа къэхъуакъащІэ нэхъ шыналъэ гъуэ дыдэхэм хабжащ. Абы щыгъуэ цІыху мин 230-м щІигъу хэкІуэдауэ щытащ.

♦**1653 гъэм** Москва унафэ къыщащтащ Украинэр Урысей пащтыхьыгъуэм къыхэгъэхьэным теухуауэ.

♦**1783 гъэм** Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиер къызэрагъэпэщащ. Абы и президенту ягъэуват Дашковэ Екатеринэ.

♦**1881 гъэм** Америкэм щыщ Хьюстон Дэвид суртэтхэм ираІахьэ плёнкэр къызэригупсысам щыхьэт техьуэ патент иратащ.

♦**1887 гъэм** Америкэм щыщ къэхутакІуэ **Эдисон Томас** хэхыныгъэхэм Іэуэщ щаІэтар къыізэрабж, электрокъарукІэ лажьэ аппарат кьигупсысащ.

♦**1941 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапІэм къыдигъэкІащ республикэм и усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэр зэрыт «Іэщэр къафщтэ» тхылъыр.

♦**1961 гъэм** Семипалатинск и губгъуэхэм япэу щагъэунэхуащ щы щІэгъым къыщагъэуа ядерпэ бомбэм и къарур.

♦Нэмыцэ щІэныгъэлІ, зыплъыхьакІуэ, бзэ куэд зыщІэу щыта, адыгэхэм я псэукІэм мызэ-мытІуэ тетхьыха **Клапрот Юлиус** къызэралъхуэр илъэс 233-рэ ирокІу.

♦Полицэм и генерал-майор, КъБР-м щыхь зиІэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 60-рэ ирокІу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жащым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Аруан щІыналъэ

Гъуэгухэм йолэжь

2016 гъэм къриубыдэу зэфІахын хуей гъуэгу лэжьыгъэхэм къыпащэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, мы зэманым Старэ Щэрэджмырэ Чёрнэ Речкэмрэ я автомобиль гъуэгуэр зыхуей хуаГъаэз. Километри 9-м нэблагъэм асфальтыр щІэуэ тралъхьащ.

Жэпуэгъуэм и кІэухым ирихьэлІэу лэжьыгъэр и кІэм нагъэсынущ. Іуэхур зэрекІуэкІым министерствэми щІыналъэ администрацэхэми я нэІэ тетщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Хъыбар

Республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ фрагъэблагъэ

УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкіэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ симфоние Музыкэмкіэ V Дунейпсо фестивалым. Темыркъан Юрий и цІэкІэ къызэрагъэпэщам.

ФЕСТИВАЛЫР 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м къызэІуахынущ. Музыкэ къэрал театрым зыкъыщигъэльэгъуэнущ Италием щыщ пианист цІэрыІуэ, Милан дэт консерваторэм и профессор Леви-Минци Карло. Программэм хэтынущ дунейпсо классикэ музыкэм и макъамэ нэхъыфІхэр.

ЩыщІидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ. УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: 77-42-08, 40-31-49.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Шыуаным илъыр зымышхыжынур гуэным илъым тогужьенкІ.

● Бахъсэн щIыналъэ

УнафэщIхэр хахащ

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и япэ сессием щытепсэлъыхьащ фокIадэм и 18-м екIуэкIа хэхыныгъэм къырикIуахэм. Щ1ыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Бештокъуэ Хьэмидбий къыхигъэщхьэхукIащ хэхныгъэр ныкъусаныгъэншэу, зэщIэгъэуIуауэ зэрызэфIагъэкIар, абы щIыхь куэд къызэрекIуэлIар.

ДЕПУТАТХЭМ зэакъылэгъуэ Iэ яIэтри, Бахъсэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэу Сэбан Руслан Кьадир и къуэр, абы и къуэдзэу Iэхьуабэч Анзор Нэфихь и къуэр хахащ.

«Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр къыщIэзгъэпэщыныкIэ псоми яхуэгъэзза хабзэхэм я Iэхьухь» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-м, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и Уставым и 41-нэ статьям и пункт 4-м япкъ иткIэ, контрактым и пIалъэр зэрикIам къыхэкIыу щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъур щхьэщахащ икIи абы и къаланхэр щIэуэ унафэщI хахыу игъэззэщIэну и пщэ иралъхьащ.

Зауэм, Лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзда къарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я щIыналъэ къудамэм къыхилъхьа лъэIум икIи иткIэ, Бахъсэн щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным къаруушхуэ зэрырихьэIам папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр зэрыхуагъэфэщамкIэ тхьилъар зэIуIэщIэм щратащ Сыжажэ Хьэсэн Лабид и къуэм.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

ЩIыхубэм я дзыхь зрагъэзахэр

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къуажихьмрэ Тырныауз къалэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм япэ сессиехэр щекIуэкIащ. Ахэр теухуауэ щытащ жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэр, къуажэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм я депутатхэр Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым хэхыным.

ЩIЫПIЭ самоуправленэм и депутатхэм ящыщу къуажэ Iэтащхьэу хахам щIыпIэ самоуправленэм и советымрэ щIыпIэ администрацэмрэ я унафэщIм и къалэнхэр игъэззэщIэнуц.

А щIыкIэм тету, Эльбрус, Бахъсэн Ипщэ, Былым, Бедык, ЛашкIытIэ, Гундэлэн къуажэхэм Джаппуев Мусэ, Джаппуев Аслъэнбэч, Тебердиев Магомед, Тилов Камал, Малкаров Едар, Атмурзаев Марат сымэ щыхахащ.

Тырныауз къалэм и Уставым и 22-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм икIи иткIэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и унафэщIым и къалэнхэр и пщэрыльу, Тырныауз къалэм и Iэтащхьэу Толгуров Расул хахащ.

ТАРИМ Алисэ.

● ГуфIэгъуэ пшыхьхэр

«Си гур сабийхэм язот!»

Апхуэдэу зыфIаща гуфIэгъуэ зэхыхьэ жэпуэгъуэм и 5-м Бахъсэн куейм щекIуэкIащ ЕгъэджакIуэхэм я махуэм и щIыхькIэ. Пшыхьым хэтащ щIыпIэ администрацэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ къудамэм я лэжьакIуэхэр, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджакIуэхэр.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ Iэнатlэм пэрытхэм яхуэгъэза хъуэхъу, псалъэ гуапэ куэд щыжаIащ а пшыхьым. Я лэжьыгъэм зэрыхуэIэижьым, ехьулIэныгъэ зэраIэм папщIэ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм кьыбгъэдэкI фIыщIэ тхьилъхэр егъэджакIуэ нэхъыфIу 8-м яритащ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

Зеикъуэ къуажэм дэт 4-нэ курыт еджапIэм тхьдэмкIэ и егъэджакIуэ Лосэн Ларисэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр иджыблагъэ къызэрыфIащамкIэ Сыжажэ Хьэсэн абы гуапэу ехьуэхьуащ, и лэжьыгъэм хьэлэлу зэрыпэрытым щхьэкIэ фIыщIэ ин хуищащ, ахъшэ саугъэти иритащ.

ЕгъэджэныгъэмиI я лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Молэ Хьэсэн ильэс куэд хъуауэ купщIафIэу лажьэхэм профсоюзхэм кьабгъэдэкI щIыхь тхьилърэ ахъшэ саугъэтрэ яритащ.

ИльэсыкI куэд хъуауэ щапхъэу щыта егъэджакIуэ нэхъыжьу, щIэблэр гъэсэныгъэм егъэджэнымрэ кьызэрымыкIуэ Iэзагъэр щIэщыгъуагъкIэ бгъэдыхьэ IэщIагъэлIу 16-м ЕгъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм кьыбгъэдэкI щIыхь тхьилъхэр яритащ Iэхъущ1апIэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ.

Концерт гукъинэжкIэ яIэта гуфIэгъуэ пшыхьым хэтахэм Iыхьэлейуэ я гуапэ хъуащ къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм кьабгъэдэкI удз гъэгъахэмкIэ пэшым щIэса бзыльхугъэ псоми зэрахуэуэпсар.

ЧЫЛАР Аринэ.

Хьэлэмэту, щIэщыгъуэу

КъБКъУ-м и Педагогикэ колледжым Iэтауэ щагъэлъэпIащ Егъэджакlуэм и махуэр. Iэщ1агъэм епха а махуэшхуэмрэ колледжым и махуэмрэ зэтехуати, педколледжым и егъэджакIуэхэсти студентхэми ялъэкI къагъэнакъым ар дэтхэнэми гукъинэ щыхъунымкIэ.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Уэлджыр Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, колледжым и актовэ пэш иным щызэхуэсат абы и егъэджакIуэхэри, а Iэщ1агъэр зэзыгъэгъуэтауэ, мазэ бжыгъэ дэкIмэ, абы ирилэжьынуэхри, Iуэхущ1апIэм щIэтIысхьагъащIэ ныбжьыщIэхэри. Гуфlэгъуэ зэхуэсыр къызэIуахащ педколледжым и унафэщI **Пащты Тимуррэ** абы и къуэдзэ **Ашзобкъуэ ФатIимэрэ**. Ахэр махуэшхуэмкIэ гуапэу ехьуэхьуащ я лэжьэгъуэхэми студентхэми.

Хьэлэмэту, щIэщыгъуэу екIуэкIащ гуфIэгъуэр. Абы къыхуэзрагъэпэща концертым къызэщIиубыдэрт уэрэдхэри, усэхэри, егъэджакIуэ Iэщ1агъэм епха теплъэгъуэ гъэщIэгъуэнхэри. Ахэр ягъэхьэзыращ Эбзеевэ Агнессэ зи унафэщI студент гупым. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэм егъэджакIуэхэр хагъэтащ къэпщытэныгъэ цIыкIухэм. Гушыlэ мардэм иту екIуэкIа а экзаменхэм екIуу пэльэщащ нэхъыжьхэр, я Iэщ1агъэм хуэкIуэ щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ зэрабгъэдэлъыр къагъэлъагъуэу.

Зэхуэсым и кIэхыу студентхэм кьабгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхьилъхэр иратащ фIыуэ яльагъу, пщIэ зыхуащI я егъэджакIуэхэм. ЕгъэджакIуэм и махуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща «Студент «Оскар» зыфIаща зэпеуэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм пашэ щыхъуащ педколледжым и унафэщI Пащты Тимур, еджапIэм и къудамэм и унафэщI Къарэ Хьэцацэ, егъэджакIуэхэу Эбзеевэ Агнессэ, Джаурджий ФатIимэ, Кагранонян Эммэ, Мэремкъул Риммэ, Пэщол Сакимэ, Абей ФатIимэ, Къултытрбей Иринэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм Iэгъуэшхуэм щIэту иратащ щIыхь тхьилъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ.

ТАМБИЙ Линэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

ЩIыхубэм я дзыхь зрагъэзахэр

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и къуажихьмрэ Тырныауз къалэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм япэ сессиехэр щекIуэкIащ. Ахэр теухуауэ щытащ жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советхэм я унафэщIхэм я къуэдзэхэр, къуажэхэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ я советхэм я депутатхэр Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым хэхыным.

ЩIЫПIЭ самоуправленэм и депутатхэм ящыщу къуажэ Iэтащхьэу хахам щIыпIэ самоуправленэм и советымрэ щIыпIэ администрацэмрэ я унафэщIм и къалэнхэр игъэззэщIэнуц.

А щIыкIэм тету, Эльбрус, Бахъсэн Ипщэ, Былым, Бедык, ЛашкIытIэ, Гундэлэн къуажэхэм Джаппуев Мусэ, Джаппуев Аслъэнбэч, Тебердиев Магомед, Тилов Камал, Малкаров Едар, Атмурзаев Марат сымэ щыхахащ.

Тырныауз къалэм и Уставым и 22-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм икIи иткIэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и унафэщIым и къалэнхэр и пщэрыльу, Тырныауз къалэм и Iэтащхьэу Толгуров Расул хахащ.

ТАРИМ Алисэ.

Илъэс 70 дэкIауэ

● ЩIыхь

Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьахэм къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэр я Iыхьлыхэм щратыжащ Бахъсэн щIыналъэм.

ЩIЫНАЛЪЭМ и администрацэм щекIуэкIа зэIущIэм кьрихьэлIат Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис, КъБР-м и дзэ комиссар Соблир Мухьсин, щIыналъэм и хабзэхьумэ Iэхъущ1апIэхэм я унафэщIхэр, къэлъыхуэакIуэ Нэхущ Ахьмэдрэ абы ипхъу Дианэрэ, Къармокъуэхэ, Сыжажэхэ, Хъущтхэ, Нэхущхэ, Къайбэчхэ я лIыкIуэхэмрэ Хьэтlохъущыкъуэй жылагъуэм дэт кадет еджапIэм и гъэсэнхэмрэ.

ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн зэIущIэр къыщыдзэIуихьым кьыхигъэщащ кьэлъыхуэакIуэ гупым игъэззэщIа лэжьыгъэр зыхуэдизыр, абыхэм яхуэзфIэкIам мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Сыжажэм зэрыжиIамкIэ, зы гъэм кьриубыдэу а гупым я фIыгъэкIэ наIуэ кьэхъуащ, дамыгъэ зыхуагъэфэща, ауэ зрамытыжа сэлэт 18-м я унэцIэр. Абыхэм ящыщу 10-м я Iыхьлыхэм Iэрагъэхьэжащ орденхэр, медалхэр.

Ебы сэлэтхэм я гугъу пщIымэ, языныкъуэхэр зауэр иухыным зы мазэ нэхъ имыIэжу яуклащ. Кьэзыгъэзэжу илъэс куэдкIэ псэужаи яхэтщ, къэрал дамыгъэ къызэрыхуагъэфэщар ямыщIэу. Пэжыр араущи, зи гугъу ящI зауэлIхэр Хэкум и къуэ пажэу, шынэ ямыщIэу, ерыщу биим пэщIэтащ.

Зи цIэ ягъэлъэпIахэм ящыщщ Дзэ Пlыжьыкьи и сэлэт Къармокъуэ Мухьэмэд («Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медалыр), сержант Хъущт Хьэсен («ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэм и щIыхьэт тхылъ, «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуамкIэ» медалхэр), санинструктор Нэхущ Хьэсэн, сэлэт Къайбэч Мышэ сымэ я бынхэм иратыжащ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр. Дамыгъэхэр Iэрагъэхьэжащ. Хэкум зи псэр щIэзытахэм я бынхэу Къармокъуэ Исмэхьил, Шорэ Риммэ, Кьанэмэт Риммэ, Сыжажэ Хьэцацэ, Къайбэч Арсен сымэ.

- Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм пщIэ яхуэщIыным теухуауэ ягъэзащIэ лэжьыгъэм тепщIыхьмэ, ди Бахъсэн щIыналъэм кьытекIуэн щымыIэу кьысщохьу. Ди кьэлъыхьуакIуэ гупым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ наIуэ кьэхъуащ, дамыгъэ зыхуагъэфэща, ауэ зрамытыжа сэлэт 18-м я унэцIэр. Абыхэм ящыщу 10-м я Iыхьлыхэм Iэрагъэхьэжащ орденхэр, медалхэр.

Ебы сэлэтхэм я гугъу пщIымэ, языныкъуэхэр зауэр иухыным зы мазэ нэхъ имыIэжу яуклащ. Кьэзыгъэзэжу илъэс куэдкIэ псэужаи яхэтщ, къэрал дамыгъэ къызэрыхуагъэфэщар ямыщIэу. Пэжыр араущи, зи гугъу ящI зауэлIхэр Хэкум и къуэ пажэу, шынэ ямыщIэу, ерыщу биим пэщIэтащ.

Зи цIэ ягъэлъэпIахэм ящыщщ Дзэ Пlыжьыкьи и сэлэт Къармокъуэ Мухьэмэд («Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медалыр), сержант нэхъыщхьэ Сыжажэ Мухьэмэд («Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» медалыр), сержант Хъущт Хьэсен («ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэм и щIыхьэт тхылъ, «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Германием зэрыщытекIуамкIэ» медалхэр), санинструктор Нэхущ Хьэсэн, сэлэт Къайбэч Мышэ сымэ я бынхэм иратыжащ «Хэку зауэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр. Дамыгъэхэр Iэрагъэхьэжащ. Хэкум зи псэр щIэзытахэм я бынхэу Къармокъуэ Исмэхьил, Шорэ Риммэ, Кьанэмэт Риммэ, Сыжажэ Хьэцацэ, Къайбэч Арсен сымэ.

- Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм пщIэ яхуэщIыным теухуауэ ягъэзащIэ лэжьыгъэм тепщIыхьмэ, ди Бахъсэн щIыналъэм кьытекIуэн щымыIэу кьысщохьу. Ди кьэлъыхьуакIуэ гупым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, кьэралым япэ увыпIэр щытIыгъщ мы унэтIныныгъэмкIэ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщI Мэлбахъуэ Борис.

Дзэ комиссар Соблир Мухьсин и псалъэм кьыхигъэщащ къыдэкIуэтей щIэблэр зауэлIхэм, сэлэтхэм я щапхъэм щIэпIыкIын, мыпхуэдэ Iуэхущхуэхэм хэгъэтын зэрыхуейр.

Зэхуэсым усэ кьыщеджащ КъуитIкъужьын Ипщэ, Тlыжьей курыт школхэм я еджакIуэ цIыкIухэр. ЗэIущIэр щIэныгъэм щэнхабзэмкIэ и Iэхъущ1апIэм игъэхьэзыра концерткIэ зэхуащIыжащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и хъыбар-егъащIэ Iэхъущ1апIэм и унафэщI.

Жылагъуэм пщIэ щызиIэхэр

Тырныауз къалэм Щэнхабзэмкlэ и уардэунэм тхьэмахуэ кIуам щагъэлъэпIащ Егъэджакlуэм и махуэр. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и администрацэми зэрэдэмкIэ къызэрагъэпэща а зэхуэсым ирагъэблагъащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и ветеранхэр, зи зэфIэкIымрэ къарумрэ ноби щIэблэм яхуэзыгъэпс лэжьакIуэ пашэхэр. Абыхэм екъуэхьуну пэшышхуэм къыщыззэхуэ - сат районым и унафэщIхэр, абы щылажьэ Iуэхущ1апIэхэм, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм я пашэхэр, адэанэхэр, еджакIуэ цIыкIухэр.

- IЭНАТlЭМ зегъэужьыныр, егъэджакIуэм и пщIэр жыларгъуэм къыщыIэтыныр район унафэщIхэм ди пащхьэм ит социально-экономикэ хьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - и хъуэхъу псалъэм къыхигъэщащ Iущащхьамахуэ щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Афашоковэ Раисэ**. - Фэ, егъэджакIуэхэм, вбгъдэлъ щIэныгъэм, зэфIэкIым елъытащ, нобэ къыщIэхъуэ щIэблэм яIэну гупсысэкIэр, Iуэху зехьэкIэр, щIэныгъэр. Иджырей егъэджакIуэм сабийхэм тхэкIэрэ еджэкIэрэ яригъащIэ къудейкъым. ЕгъэджакIуэм мыхьэнэшхуэ щIIэщ щIыхум и акъылыр, гупсысэр зэтеувэным, ар хэхуэпсэу, къэралым, щалъхуа щIыналъэм пщIэ хуищIу, фIыуэ илъагъуу, абыхэм я къыщхьащIыкIуэ нэсу къэгъэтэджыным. Апхуэдэу щыщIыткIэ, щIэблэ узыншэ къыщIэхъуэныкIэ фэращ шэсыпIэу щыIэр.

Адэкlэ Афашоковэм егъэджакIуэ нэхъыфIхэм яритащ щIыналъэ администрацэм къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр абы и гуапэу иритыжащ илъэс куэд лъандэрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм хьэлэлу пэрыт Витковская Надеждэ. Гулъытэншэ хъуакъым лэжьыгъэм и ветеранхэри. Псалъэ дахэкIэ абыхэми захуигъэза нэужь, унафэщIыр абыхэм яхуэупсащ удз гъэгъахэмрэ фэеплъ саугъэтхэмкIэ.

Егъэджакlуэхэм хъуэхъу дахэ жраIащ а махуэм. Абыхэм захуэзыгъэзахэм ящыщщ щIыпIэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ **Отаров Исмэхьил**, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Iэнатlэм и пашэ **Моллаев Сулеймэн**, абы и къуэдзэ **Мурачаевэ Людмилэ** сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэми егъэджакIуэ пашэхэм иратащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Зи цIэр фIыкIэ ираIуахэм яхэтт Былым къуажэм дэт курыт школым и унафэщI Атакуевэ Нуржан. Зэхуэсым кърихьэлIахэр абы гуапэу ехьуэхьуащ икIи Iэгуауэ ин хуаIэтащ «КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIыхьыщIэр зэрыхуагъэфэщам къыхэкIыу.

Гуфlэгъуэ пшыхьыр я уэрэдхэмкIэ, кьафэхэмкIэ нэхъри ягъэдахащ щIыналъэм Сабий гуауэджэхэмкIэ и школым, Тырныауз дэт гимназие №95-м, Ныбжьыщ1эхэм я творчествэм зегъэужьыныкIэ центрым я гъэсэнхэм.

КЪАРДЭН Ритэ.

Махуэшхуэр хуаIэт

Шэджэм щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ Егъэджакlуэм и махуэр. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ КIарэ Элинэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, лэжьыгъэм къыхэжаныкIа егъэджакIуэфIхэм папщIэ Шэджэм къалэм щекIуэкIащ гуфIэгъуэ пшыхь.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуаха нэужь, къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Шэджэм щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **ТекIушэ Артур**. Абы къыхигъэщащ егъэджакIуэ Iэщ1агъэм щIыхь, фIыщIэ къызэрыпэкIуэм хуэдэу, жауаллныныгъэ ини зэрыпIыпIыр. «Сэ си фIэщ мэхъу егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Iэнатlэр адэкIи нэхъри езыгъэфIэкIуэфын Iэщ1агъэлI нэсхэр ди щIыналъэм зэрисыр, - жиIащ ТекIушэм. - А Iэщ1агъэм ирилажьэ псоми гуапэу сохъуэхъу Егъэджакlуэм и махуэмкIэ. Насыпрэ узынщагъэрэ фиIэу, творческэ ехьулIэныгъэхэм фыщымыщIэу, мурадыщIэхэм фынэсыфу куэдрэ фыпсэуну, пщIэ зыхуэтщI егъэджакIуэхэ!»

ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI **Iэрыпщэ Жанни** гурэ псэкIэ ехьуэхьуащ Шэджэм щIыналъэм зейхэм. «Егъэджакlуэр иджырей жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ, уяпIэ ин щызыубыдащ цIыхуш. Абы куэдкIэ елъытащ къэралым къыщIэхъуэ щIэблэм ябгъэдэлъ гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зыхуэдэр, кьыхигъэщащ абы. - А псоми къыхэкIыу дэтхэнэ егъэджакIуэри хущIэкъупхъащ я зэфIэкIым, щIэныгъэм адэкIи зрагъэужьын, я лэжьыгъэри дунейпсо мардэхэм яригъуэ пщалъэхэм изагъэу зэфIахын зэрыхуейм». Адэкlэ Iэрыпщэм фIыщIэ ин яхуищIащ зи Iэнатlэм хьэлэлу пэрыт лэжьакIуэхэм икIи ехьулIэныгъэщIэхэм хущIэкъуну ахэр къыхуриджащ.

Пшыхьым щыIуащ егъэджакIуэхэм яхуэгъэза апхуэдэ псалъэ гуапэ куэд. Абыхэм ехьуэхьуащ щIыпIэ самоуправленэм и советым и тхьэмадэ **Уэдыжь Хьэсанш**, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и гъэзащIакIуэ комитетым и пашэ **ГъущIо Марат**, егъэджакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Щад Азджэрий**, ЦIыхуэхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ центрым и пашэ **Газаев Залым** сымэ, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэми къигъуэтыфырт егъэджакIуэхэм хужиIэн псалъэ гуапэ, дахэ, екIу.

Зэхуэсым щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ щагъэлъэпIащ щIыналъэм и егъэджакIуэ пашэхэр. Ахэр къабгъэдэкIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэм, я егъэджэныгъэмкlэ щIыпIэ Iэнатlэм, «Урысей зэкъуэт» партым, щIыналъэ администрацэм, профсоюзхэм я федерацэм. Егъэджакlуэхэм фIыщIэ ящIащ апхуэдэ гулъытэ лъагэр икIи къызэхуэсахэр кьагъэгугъащ къарурэ щIэныгъэу я ягъэдэлъымкIэ, я псэ хуабагъымкIэ дяпэкIи щIэблэм яхуэупсэну.

Гуфlэгъуэ пшыхьыр ягъэдахащ «Жашлыкъ», «Калли-сто» ансамблхэм, уэрэджэлIакIуэхэу Дыщэкl Артур, Дау Аминэ, Таукеновэ Салимэ сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дихьэхыу зыхагъэгъуазэ

● Жэрдэмхэр

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым «ЩIэныгъэмрэ щIалэгъуалэмрэ-2016» республикэ щIэныгъэ-практикэ конференцым хэтхэр Урысейм ЩIэныгъэхэмкlэ и академием Ядер къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэм жэпуэгъуэм и 3-м иригъэблагъащ.

АР ТЕУХУАУЭ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэм щигъуэта зыужьыныгъэр хэIущIыIу щIыным, физикэм дихьэх еджакIуэхэр нэхъри тегъэгушхуэным.

Экскурсием хэтащ ди республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ. Обсерваторэм и щIэныгъэлIэм Дыгъэм, вагъуэхэм, Галактикэм и ядрохэм, ЩIы хъурейм и адрей объектхэм я зэхэлъыкIэмрэ я зыужьыкIэ-зыхъужьыкIэмрэ нейтрон нурхэмкIэ зэрадж Iэмалхэр ныбжьыщIэхэм хуаIуэтащ. ЧастицущIэхэр кьызэралъыхуэу щIыкIэм, иджырей теориехэмкIэ игъэнаIуэ кьызэрыгуэкI частицэхэм я кьэхъукIэ кьызэрымыкIуэкIэ зыхуэдэм конференцым хэтхэм дихьэхыу зыхагъэгъуэзащ, абыхэм кьадэкIуэу энергие гъэзэрэ я хьэрш нурхэмрэ гаммэ-астрономиемрэ я «щэхухэр» зрагъэщIащ.

Экскурсиер кьызэрагъэпэщащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым щыщхэу егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, хкъупсэ гъэсэныгъэмкIэ комиссэм и унафэщI Лий Ланэрэ Шэшэн Рустамрэ я жэрдэмкIэ.

ЩIалэгъуалэ советым фIыщIэ яхуеIуэ мы Iэхэр дзэзыIахэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымкIэ, хэкупсэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и комиссэм и Iэтащхьэ Гуппоев Тимур, Жылагъуэ палатэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Хъуэкlуэн Мурат, Бахъсэн нейтриннэ обсерваторэм и унафэщI, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Кузьминов Валерэ сымэ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Драматург, усакIуэ, журналист цIэрыIуэ

Дэбагъуэ Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

Жьакуэр зэрыгушхуэщ

Шэрджэс драматург, усакIуэ-уэрэдус, журналист цIэрыIуэ Дэбагъуэ Мухьэмэд Къалэбэч и къуэр 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м Хьэбэз районым хыхьэ Жьакуэ (Алъэсчырей) къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр ехьулIэныгьэкIэ кьиуха нэужь, Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым и филологие факультетым щеджащ. А зэманым итха усэхэр, рассказхэр адыгэ газетым традзащ. ЕджапIэ нэужьым, 1965 гъэм «Ленин нур»-м (иджы «Черкес хэку») газетым и лэжьакIуэ хъуащ. Мухьэмэд корреспондент къыщыщIидзэри, кулыкъуэкIэ дэкIуей-уэрэ, редактор нэхъыщхьэм нэсащ.

ДЭБАГЪУЭР республикэм исхэм нэхъыбзу къызэрацIыхур драматургыщ. Абы и щхьэусыгъуэр а жанрым хэлъхьэныгъэ инри зэрыхуищIарщ. Шэрджэс театрым и унафэщIу щыта Абдокъуэ Маталиорэ абырэ зэздагъэуващ Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсият и мывэ» повестым, абазэ ткачIуэ Тхьэпщ1ыху Бемырзэ и «ЩIыгу Iэмыщ1э» романым къытращIыкIа спектаклхэр, езы Мухьэмэд ейуэ «Iэлъэщ1 плъыжь» драмэр. Кьищынэмыщ1ауэ, «Iэпхъуалъэ телъыджэ» таурыхъыр, «ЕпцIыжакIуэм и анэ» трагедиер.

Мухьэмэд и къалэмпэм къыщIэкIащ «Фы зыщIэр щIегъуэжыркъым», «Иныжьым и нэр», «ГъущIыпсэ хахуэ», «Анэр нэм хуэдэщ», «Сосрыкъуэ», «Напэр нэхъапэщ», «Мишуткэ-Мухьэрбий» спектаклхэр, «Аращ лIы зэрыдэкIуэр» комедие-водевилыр.

КьищынэмыщIауэ, Дэбагъуэм адыгэбзэкIэ зэриздзэкIауэ Урысейм, хамэ къэрал тхакIуэхэм я пьесэ 14 адыгэ театрым щагъэуващ. Езы драматургым и пьесэ мымащIэ урысыбзэкIи лъэпкъыбзэхэмкIи зздзэкIауэ нэгъуэщI театрхэм ягъэлъэгъуащ. Псалъэм папщIэ, «Иныжьым и нэр» пьесэ-таурыхъым ехьулIэныгъэ ин щиащ Абхъаз, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Дагъыстэн республикэхэм.

Дэбагъуэм и очеркхэр, рассказхэмрэ повестхэмрэ, пьесэхэр иту тхылъ щхьэхуэхэр къыдэкIащ: «ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» (1972), «Псынэдахэ и бжьыхь» (1978), и пьесэхэр щ1ызэхуэхьэса тхылъитI.

Мухьэмэд и цIэр лъагэу яIэтащ и уэрэдхэми. «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», «Къофэр, мэджэгур...», «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэ», «Зэрыджэ» уэрэдхэр Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеймии, Къэбэрдей-Балъкъэрми фIыуэ щалъэгъуащ.

Дэбагъуэ Мухьэмэд редактору щыIэжьа зэманым Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикхэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетищым я номер зэгуэтхэр гъэхьэзырыным теухуауэ куэд зэфIигъэкIащ. ИкIи хэгъуэгуащым ис адыгэхэр зэпызыщIэ къару ахэр зэрыхъуам Мухьэмэд и фIыгъэшхуи хэлъщ. Аращ къызыхэкIар Адыгеймии Къэбэрдей-Балъкъэрми щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэр къыхуагъэсфэщэныр.

Дэбагъуэр 1989 гъэм СССР-м и тхакIуэхэм я союзым, Ар хэтащ Журналистхэм я союзым.

И ныбжьыр илъэс 62-рэ фIэкIа мыхъуу, 2003 гъэм мэлыхьыхьым и 7-м, Мухьэмэд дунейм ехыжащ. Къыщалъхуа Жьакуэ къуажэм и зы уэрамым абы и цIэр зэрехь.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий.

«Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм я номер зэхэтхэм я зи чэзу къыдэкIыгъуэм щытепсэлъыхьыж зэущIэр Налшык щекIуэкIащ. *1986 гъэ*

ПщIэрэ щIыхьрэ зиIэу дунейм тета

Дэбагъуэ Мухьэмэд къыщалъхуа Жьакуэ къуажэм и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм фIыуэ къыщацIыху журналист, тхакIуэ, драматург гъэзэджэу щытащ. Илъэс куэдкIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу ар лэжьащ. И гуащIэдэкI инымрэ и зэчий лъагэмрэ хуэфащэу Дэбагъуэм кьыфIащат «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

ДЭБАГЪУЭМ илэжьа Iэхуэшхуэхэм я мызакъуэу, ар ди гум IэфIу кьиизыгъэнар цIыхуфIу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу, цIыхугъэм, ныбжьэгьуГъэм хуэпэжу зэрыщытаращ. ЗэфIэкI ин зиIэ псоми кьежьуIэркъым цIыхуфIу дунейм тетын къалэныр.

Мухьэмэд си къуажэгъу къудейтэкъым, атIэ си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэхэм ящыщт, уеблэмэ япэ классым щыщIидзауэ илъэсиблкIэ зы партэм дыздыдэсащ. Ди сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэм техуат. Апхуэдэ зэман хьэлъэм зэныбжьэгъу къудейуэ укьиГанэркъым - гугъуехьым зэкъуэш дищIат.

ЛIы губзыгъэ гуэрым мыпхуэдэу жиIащ: «УсакIуэр, тхакIуэр къэпцIыхуну укуеймэ, ар къыщалъхуа и лъахэм кIуэ». ЖьакуэкIуэ къуажэ цIыкIм цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Апхуэдэхэщ артист телъыджэу щыта Акъ Мухьэрбэч, уэрэджыIакIуэ Гъуэт Хъусин (УФ-м и цIыхубэ артистщ), щIэныгъэхэмкIэ докторхэр, кандидатхэр, къэрал псом къыщацIыху спортсменхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Абыхэм яхэтщ и къуажэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа Дэбагъуэ Мухьэмэди. А лIы щэджащэм щалъхуа и жьилэр зыми химыльхьэу фIы дыдэу иелъыбурт, и къуажэгъуэхэм я гуфIэгъуи я гуауи ядигъэшырт.

Дэбагъуэ Мухьэмэд илэжьа Iэхуэхэм я гугъу пщIымэ, япэ изгъэщынт адыгэ газетым тригъэкIуэда гуащIэшхуэр. Дигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэ газетхэм я напэкIуэцIхэращ ди литературэр къыщежьар, псом хуэмыдэу 1920-1940 гъэхэм. Абы къыкIэлъыкIуа лъэхъэнэми газетхэм я мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ хуэдэу пхужьIэнукъым адыгэ литературэм ехьэлIауэ. Илъэс куэд и пэкIэ къыщIадзауэ адыгэ газетхэм усакIуэхэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр традзэ. Мухьэмэд щыпхэжьа илъэсхэмм газетхэм литературэ напэкIуэцIхэр хухахыу щытащ. Адыгэ газетым щыщылажьэм, Дэбагъуэ Мухьэмэд иубзыхуащ и тхакIуэ хъэтIыр, литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэ къигъэIурыщIащ. Псом хуэмыдэу абы къехъулIэрт очерк жанрыр. Совет лъэхъэнэм очеркым мыхьэнэшхуэ иратырт, абыкIэ ягъэлъапIэрт зи гуащIэдэкIыр лъагэ цIыхухэр. Журналист Iззэ Дэбагъуэм и очеркхэм къакIэлъыкIуэрт рассказхэр, повестхэр, гущыIэ миниатюрэхэр.

«ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» и япэ тхылъыр Дэбагъуэ Мухьэмэд 1972 гъэм Черкесск къалэ къыщыдигъэкIащ. А къыдэкIыгъуэми «Псынэдахэ и бжьыхьэр» и етIуанэ тхылъми прозэр щытепщэщ. Иужьрейм итщ тхылъым фIэщыгъэ хуэхъуа повестымрэ рассказ пщыкIуэрэ. Гу лъмыитэнкIэ Iэмал иIэкъым тхакIуэм и рассказхэм гушыIэ куэд зэрыхэухуэнам. ГушыIэ защIэ зи лъабжьэ рассказ цIыкIу, «миниатюр» зыфIищащэр щхьэхуэуи итщ «ФIы зыщIэ щIегъуэжьркъым» фIэщыгъэм щIэту 1991 гъэм къыдигъэкIам.

БлэкIакъым тхакIуэр ди сабиигъуэр гуфIэгъуэншэ зыщIа зауэ Iэхуми. Зы теплъэгъуэ гукъэкIыжу Мухьэмэд ар «хиухуэнащ» «Псынэдахэ и бжьыхьэр» повестым (абы къыщыгъэлъэгъуэжа пычыгъуэр хьыбащ курыт еджапIэм и еханэ классым и учебникым). Повестым къыщыгъэлъэгъуащ совет зэманым щыIа зэхэтыкIэр, псэ хьэлэлкIэ жылагъуэм хуэлажьэ цIыхухэр. Мыбдежым тхакIуэм къыщигъэсэбэпащ зауэ зэманым адыгэхэм Ленинград къраша сабийхэр зэрахъуамам, зэрапIам щыщ Iэхугъуэхэри.

Драматургиемрэ прозэмрэ и гуащIэр нэхъыбэу хилъхьами, Дэбагъуэр усэми хуэхамэу щытакъым. Мухьэмэд и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьэри, уэрэд хъарзынэ хуэхэщ. Апхуэдэу езы Мухьэмэди уэрэд жьIэныр фIэфIт. Къэрэшей-Шэрджэсым ноби щыIэщ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащIэ «Нарт» цIыхухэу ансамблыр. Ар къызэзыгъэпэщахэм яхэтащ, уеблэмэ пашэу эныкъомрэ щытащ Дэбагъуэ Мухьэмэд. Ари и щапхъэщ Дэбагъуэр хэкупсэу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу зэрыщытам.

ЦIыхур зыгъэдахэр и гуащIэдэкIращ, хэлъ адыгагъэрщ. Мухьэмэд къыхэкIащ Дэбагъуэ Къалэбэч и бынунагъэушхэм. Апхуэдэ унагъэушхуэхэм дежи сабийхэм щыгъыныр, шхыныр къаймэщIэкIами (псом хуэмыдэу зауэ нэужь зэман хьэлъэм), я псэкIэ, цIыхугъэкIэ, зыIыгъыкIэкIэ, жылагъуэ хэтыкIэкIэ цIыху зэгъ хъу хабзэщ. Хьэл хъарзынэ яIэу къэхуэхэщ Мухьэмэд къыдалъхуахэри. ЗорыцIыкIу пьандэрэ ар фIыуэ еджащ, студенту щыщыта зэманым щыщIидзэри спортым дихьэхыу, усэ итхыу щытащ. ГушыIэшхуэ хэлът, жьы щIэтт, ныбжьэгъу пэжт, нэжэгужэу, гуапэу псоми япежьэрт. Ар фIыуэ зыщIыхуу щытахэм, щэч хэмылъу, ягу кьинжащ абы и уэрэд жьIэкIэ дахэр, екIуу кьафэу утыкум бжьыфIэу иту зэрыщытар.

Псэужамэ, Дэбагъуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъунут. Мыр щыгъуэ махуэкъым - ар зыцIыхуу щыта псоми дигу къэдгъэкIыжу аращ Мухьэмэд мы дунейм дахэм хуэфащэу зэрытетар.

Сэ срогушхуэ, сроин ар ныбжьэгъуу зэрызиIам, зы къуажэ дыкъызэрыдэкIам. Илъэс куэдкIэ зэпэщIэу дыпсэуам, зэи си гум икIрыкъым ди зэныбжьэгъуГъэм и IэфIыр.

Дэбагъуэ Мухьэмэд сэбэп зыхэлъ Iэхуу ищIар ГъащIитI-щым яхурикъунщ. ЛъэужьыфI къыхинащ абы литературэми журналистикэми.

БАКIУУ Хъанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

«Апхуэдизкlэ си гум укъэкlащи...»

Мы псалъэхэр зыхэт уэрэд дахэ къэIум, сигу къегъэкIыж, гъащIэ дахэ бдесхьэкIар, зы дакъикъэ хэмыхуауэ, си гущIэм къыщоушыж, Iуэхуу сиIэр къызогъанэри, гупсысэ IэфIхэм, гукъэкIыж дахэхэм сызэщIаубыдэ. Ажалым уэзрысIэщIихрэ илъэс пщыкIущым щIигуами, уэзрызимыIэжым сеувз- лIэфыркъым, сесэркъым икIи си фIэщ схуэгъэхъуркъым.

ИЛЪЭС тIощIитIым нэблагъэху сызыдэпсэуа, си нэр зыгъэплъа, си псэр зыгъэтынша, щIалэгъуэ дахэ къызэзыта, жьыщхьэ махуэм нэмыса, пасэ дыдэу сIэщIэкIа си щхьэгъусэ Мухьэмэд апхуэдиз зэман хъуауэ симыIэж пэтми, семыгупсысу, Тхьэм ирещи, зы махуэ кьысхуихуакъым. Абы и щыхьэтщ унэм къыщIэна и щIэинхэр: и усэхэр, тхыгъэхэр, тхылъхэр, фIыуэ илъагъуу щыта уэрэдхэр. Губампlэ дэхьу сиIэ унагъуэм илъ тхылъхэр къызощтэри, гукlэ куэд щIауэ зззгъэщIа пэтми, иджыри сыкъоджэ, псалъэ къэс гукъэкIыж IэфIхэм сыхашэу...

Тызолъхьэ, уэ фIыуэ плъагъуу щыта, Iэфlу сигу къина, мы псалъэхэр зыхэт уэрэд: «Си насыпщ, си насыпщ, узиIэхуклэ си насыпщ». Мы псалъэхэр си щхьэм хуэохь, икIи жьзоIэ: узиIэжатэмэ - си насыпт! Арщхьэкlэ, ажалым усIэщIихащи, семыувэлIэфми, къэсакъыми, сопсэу, Тхьэшхуэм гъащIэ къызипсэар, зэрыжаIэщи, сыухакъыми.

«Сэ уэ сыкъыбдофэ, гукlэ сыIущащэу» - мы псалъэхэм си гупсысэр хуашэ илъэс щэ ныкъуэ ущыхъуа зэманым, утыкур пхуримыкъуу укъызэрыфам, сигу къокIыж гуфIэу уи нэгу щIэлъар, цIыхум пщIэуэ къыпхуащIар, псалъэ IэфIу къыбжаIар.

«Къысхуэгъэгъу, гъащIэм гу щоэмыгъэхуам...» - мы уэрэдыр зэхэзылъхьа Тубей Артур куэдым ягу къыпсэлъыкIам хуэдэщ. Сэ схужьIэнукъым Мухьэмэд гугъу сригъэхьауэ, ауэ сэ езым жьзоIэ: къысхуэгъэгъу, уигу хэзгъащIамэ, гугъуехь гуэр зэрымыщIэкIэ хууэзгъэззамэ!

«Уи цIэмкIэ сомыджэурэ, «си псэкIэ» сыноджэурэ, уэ сыбдэпсэунщ» - мы уэрэдми гукъэкIыж Iэфl куэд бгъэдэлъщ: уи ныбжьэгъухэм урагъуэсу, зыгъэпсэхуГъуэ махуэ къыщыфхуихуэм и деж зэдыжьфIэрт. ФIыуэ фIьагъу уэрэдт, мычэму фи дзапэ уэрэдт.

Мы си гупсысэхэр тIэкlу кIыхь хъуауэ щытмэ, къысхузвгъэгъу. Адыгэ хабзэм тIэкlу сытекIауэ щытмэ (уи щхьэгъусэм утепсэлъыхьыныр къэкIуркъыми), къысхуэвгъэгъу. Мухьэмэд псэужатэмэ, жиIэну щытар вжьзоIэ: лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищI, адыгэр Тхьэм дригъэфIа-кIуэ!

Дэтхэнэ зыми ГъащIэ хухихар Тхьэм Iэфl хуищI, щIэблэ узыншэ Тхьэм къытщIигъахъуэ, гукъыдэж Тхьэм кьыдит, узыншагъэ быдэ фиIэну псоми сывохъуэхъу!

ДЭБАГЪУЭ Iэминат.
Черкесск къалэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретщ.

Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ Абдокъуэ Маталиорэ зэдатха пьесэм хоплъэж.

Сытым хуэдэу сыпхуэныкъуэ

Ныбжьэгъуфlым хуэгъэзауэ

СИГУ къокIыж япэ дыдэ Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ нэIуасэ дыщыззхуэхъуа махуэр...

Пщэдджыжь жей Iэфlым сыхэту телефоным и макъым сыкъызэщIегъуэу. Хуэмхуэмурэ сыкъотэджри, зыгъэпсэхугъуэ махуэм сызымыгъэжейм сыхуэхъущIэурэ телефоным сыбгъэдхьэ. ИкIи, сигу зыгуэр зэрытемыхуэр къззыгъэлъагъуэ си макъымкIэ «сынодаIуэ!» жьзоIэ.

- Сэлам узох! Ар сэращ!
- Уалейкум... Ухэт уэ?
- А зиунагъуэрэ, сыкъэпщIыхужькъэ?
- Уэлэхьи узмыщIыху...
- Дэбагъуэращ... Мухьэмэдщ. Зыгуэр къыбжиIэрэ си цIэ-унагъуэцIэм?
- Дауэ къыззжимыIэу?! Адыгэ газетым уриредактор нэхъыщхьэщ. Пэжкъэ?
- Ар дыдэщ.
- АтIэ, сыт зыгъэпсэхугъуэ махуэм пщэдджыжь нэмэзым сыкъэплъыхьуэн, укъызэпсэлъэн хуей щIэхъуар?
- Дыгъуасэ Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсият и мывэ» повесть цIыкIур щIэзджькIащ...
- АтIэ, сыт?
- Сыт зиунагъуэрэ, сытыр? Мыр пьесэ къызыхэпхыРыну тхыгъэ телъыджэщ!

Мис, апхуэдэу нэIуасэ дыззхуэхъуауэ щытащ дунейм ехьжьхуокIэ си ныбжьэгъуфIу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ.

ТелефонкIэ дызэпсэлъа нэужь, етIуанэ махуэм Мухьэмэдрэ сэрэ дызэхуэзащ. ИкIи жысIэфынущ ди зэIущIэр илъэс куэдкIэ насыпкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIар.

СетIысылIэщ, повестым седжэри, щэч къытесхьэжакъым Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсият и мывэр» адыгэ театрым и утыкум щыгъэшIуа дунейм ехьжьхуокIэ си ныбжьэгъуфIу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ.

ТелефонкIэ дызэпсэлъэ нэужь, етIуанэ махуэм Мухьэмэдрэ сэрэ дызэхуэзащ. ИкIи жысIэфынущ ди зэIущIэр илъэс куэдкIэ насыпкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIар.

СетIысылIэщ, повестым седжэри, щэч къытесхьэжакъым Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсият и мывэр» адыгэ театрым и утыкум щыгъэшIуа дунейм ехьжьхуокIэ си ныбжьэгъуфIу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ.

Сытым хуэдэу сыпхуэныкъуэ ныбжьэгъуфIым хуэгъэзауэ.

Блэкlа зэманым соплъэкIыжри, къызгуроIуэ Мухьэмэд драматург нэсу, зи цIэр хьэрфышхуэкIэ тхын хуей, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъа творческэ цIыхуу зэрыщытар. Гуаузщ апхуэдэ цIыху зэчиифIэхэр щIэх дунейм зэрехьжьар.

Мухьэмэд узыфIэмыкIыжьыну си ныбжьэгъу щыпкъэт, къуэш пэпльытэт. АтIэ, а дызэрызэдэлажьа илъэс бжьыгъэм зэи дызэщIыхьажьам, зым игу кьеуэн пасыпа адрейм жриIакъым. Пэжщ, гуащIэу дызздэуэнут пьесэхэм теухуауэ.

Театрыр пьесэм елэжьын щыщIидзэм ирихьэлIэу, Мухьэмэд Iамал имыIэу къэкIуэнут, репетицэ щащIкIэ еплъынут. Артистхэм я Iэху еплъыкIэхэм щIэдэIунут. ИкIи, ролхэр зыгъэзащIэхэм е режиссёрым пьесэм хэлъ Iыхьэ гуэрым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ къалъытамэ, абы щIэдэIунути, игъэтэрэзынут, щIэуэ зэрихъуэкIыжынут. Удэлажьэну хуабжьу цIыху тыншт, гуапэт... Сыту гуауэ апхуэдэ цIыхум блэкIа зэманкIэ утепсэлъыхьыжьныр... Ажал гущIэгъунэм сIэщIихащ си ныбжьэгъуфI куэд. Абыхэм ящыщщ Мухьэмэди.

ГъащIэр къызэтеIыгъэрэ, цIыхур дунейм щехьжкIэ абы упызыщIэу щыта Iуданэри зэпычкъым. Ар щыхьэт тохъуэ дунейм ехьжьхэр зэрытщыжыпщэм, я фэеплъ нэхур ди гум зэрилъым. Мухьэмэд хуэдэу зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа, ди лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыхухуэхэр дыпсэухукIэ тщыгъупщэ хъунукъым. Апхуэдэхэр ди лъэпкъым и тхыдэм, и гъащIэм кьыхэлыдыкI вагъуэщ.

ЦIыху щыпкъэу, драматург лъэрыхьу, журналист къызэрымыкIуэу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэд цIыхум гуапэу ягу кьинащ.

Сытым хуэдэу сыпхуэзэщIэрэ, сытым хуэдэу сыпхуэныкъуэ, Мухьэмэд...

АБДОКЪУЭ Маталио,
Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ.

Дэбагъуэ Мухьэмэд и унагъуэр.

И ныбжьэгъухэмрэ и лэжьэгъухэмрэ яхэту.

● Гъэпъэгъуэныгъэхэр

Къумахуэ Мухьэдин и псалъэ.

«Абхъазым и сурэтышІхэр»

Аращ фІащар КЪР-м и Лъэпкъ музейм иджыблагъэ къыщыдзэІуаха гъэлъэгъуэныгъэ щІэщыгъуэм. Выставкэр къызэрагъэпэщащ Абхъаз Республикэм и апэ Президент, къэрал, политикэ лэжьакІуэ Ардзинбэ Владислав и фэеплъу. Зэхыхьэр иригъэкІуэкІащ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс. Выставкэр и жэрдэмщ Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Арсалие Эльвирэ.

- ДЫЗЭРЫЗЭГУРЫІУАМ тету, Абхъаз Республикэм и сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэр ди музейм и пэщэхм щагъэлъагъуэ. Гу зылъыптэраци, зи Іэдакъэщ1кІхэр утыку къизыхьа сурэтыщІхэм зэфІэкІ инхэр яІэщ. Лэжьыгъэхэм ущеплъкІэ гурыІуэгъэщ абхъаз художникэм езыхэм я хъэтІ зэралэжьыр, зым и сурэтхэр адрейхм къащохъэщыгъэкІ щхьэхуэныгъэхэр зэрахэлъыр. Лэжьыгъэ щхъуэкІапльыкІэхэр я щыхьэтщ абхъаз лъэпкъым тхыдэ гъэщІэгъуэн, щэнхабзэ къулей къыззрыдекІуэкІым. Шэч кьытесхьэркъым утыку кърахьа лэжьыгъэхэр гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлІаХэм ягу зэрыдыхьэнум, - жиІащ КЪР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэхыхьэр къыщызэІуихым.

- Мыр Абхъаз Республикэм и сурэтыщІхэм я япэ гъэлъэгъуэныгъэкъым. Хабзэ зэрыхъуаеу, ди къуэшхэм я лэжьыгъэхэр нэхъапэхэми Налшык и музейхэм утыку къыщрахьащ. А Іуэху гуапэм зэрыпащэр фІыщ, - жиІащ КЪР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Темыркъан Геннадий**.

- Мы фэеплъ выставкэр зытедухуа Ардзинбэ Владислав и гъащІэмрэ и ІэхъуащІафэхэмрэ ди щІэблэм я щапхъэщ. Ди щыналъэм зауэр къыщыщыхьеям абы быдэу и фІэщ хъурт Кавказым щыпсэу ди къуэшхэр кьыззрыткъуэувэнур. Абхъазым и щхьэхуитныныгъэр зэфІэдгъэувэнымкІэ, текІуэныгъэр къэтхьынымкІэ ди къуэшхэм зэрызыкъытщІэвгъэкъуар зыщыдгъэгъупщэркъым. Нобэ Абхъаз щыналъэм и теплъэм зихъэжами, зэлъэпкъэгъуэхм ди зэпыщІэныгъэр нэхъ кІащхъэ хъуркъым, зэманыр кІуэтэху абы и кьарумрэ и мыхьэнэмрэ нэхъ быдэ хъуэурэ кІуэнщ», - жиІащ Абхъаз Республикэм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Емыркъан Адгур**.

Абхъаз Республикэм щыщ скульптор **Джение Виталий** кьрихьэлІаХэм яхутепсэлъыхьащ зауэ нэужь зэманым, Ардзинбэ Владислав и унафэкІэ, республикэм и сурэтыщІхэм Москваръ Санкт-Петербургрэ щекІуэкІыну выставкэхэм хагъэхьану лэжьыгъэхэр ягъэхьэзырауэ зэрыщытам. «Апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэм щыхьэр зэрызэкъуигъэувэм гу лъыста нэужь, кьызгурыІуащ ахэр зэрыщхьэпэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэмрэ. А хабзэ дахэм иджыри пытщэну ди мурадщ», - жиІащ абы.

Выставкэм кьызэщІеубыдэ гъуазджэм и лэжьыгъэ 75-рэ. Ахэр Абхъаз Республикэм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и фондым щахъумэжам ящыщщ. Апхуэдэхэщ деклоративно-прикладной гъуазджэм и живописир, графикэр, керамикэр, скульптурэр. Абыхэм кьыщыгъэлъэгъуащ Абхъазым и щІыхэпс зекуалІэмрэ и дахагъэр зэрытельыджэмрэ. Псэр зыгъэгуфІэ лэжьыгъэхэм ущеплъкІэ, кьапкърыкІ хуабагъэм дыгъэм хуэдэу узыщІашэ. Апхуэдиз дахагъэ щызэхэуухуэна сурэтхэм укъыхураджэ Абхъаз щІыналъэм зыщуплъыхьыну, зэ нэхъ мыхъуми а щІыпІэм зыгъэпсэкуакІуэ кІуэну къызыхуихам иджыри гриГъэзэжыну гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ кърат. Лэжьыгъэхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа сурэтыщІхэу Авидзбэ зэадэзэкъуэкъуэ Хутэрэ Тимуррэ, Адлейбэ Амиран, Джение Виталий, Ампар Адгур, Габлие Руслан, Цвижбэхэ Виссариорэ Сергейрэ, Ласурие Беслъэн, Зарандие Отари, Атейбэ Галинэ, Хурхмал Валентинэ, Бигуаа Мадинэ сымэ кьагъэлъэгъащ Абхъазым щыпсэухэмрэ и щыиуэпсымрэ хуаІэ лъагъныгъэ иныр, щІыпІэм и теплъэм игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр, нэгъуэщІхэри. Сурэтхэр щыхьэт тохъуэ республикэм и щІыуэпсыр гъэм и сыт хуэдэ зэманми зэрыдагъэхэм. Псом хуэмыдэу Іэззу художникэхэм кьагъэлъэгъуащ бжьыхьэ дыщафэм и курыхьыр зыпэпщІ хъун зэрыщымыІэр. А дахагъэхэр зыпГъэгъуэхэр фІым, гуапагъэм хуагъэуІ, лэжьыгъэхэм ящІэлъ хуабагъэм цІыхухэм я псэм зрагъэужь.

Абхъаз Республикэм и лІыкІуэхэм фІыщІэ хуащІащ зыгъэгъуэныгъэр кьызззыгъэпэщахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Шынэ здэщымыІэм укІыти щыІэкъым

Зэманым декІур лІыфІщ, жиІэгъат Къэзанокъуэ Жэбагъы. Арами, иужьрей модэм лъэщІыхьэну хущІэкъуурэ, адыгэ лъэпкъым ди щІыхьыр тфІэкІуэду къэзылъытэхэри щыІэщ. Псом хуэмыдэу, ар ди нэхъыжьыфІхэм нэхъ къатохьэлъэ. Адыгэм и натІэ хъуар хуабжьу зигу кьеуэ, абы тегуэввыхь нэхъыжьыфІ ди хьэщІэу и гупсысэхэмкІэ къыддогуашэ.

КЪБР-М Дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкІэ и Жылагъуэ советым и унафэщІ, полковник Къуэдзокъуэ Жамболэт нобэми жыдэжру мэлажьэ, щІалэгъуалэ Іуэху зэрихуэу ди Щ1ым и гъунапкъэ зэмылІэужьыгъуэхэм кьыщыщІидзащ, куэд иджащ, куэдым кІэлъыпльащ.

- Ди адыгэ лъэпкъыр адрейхм хуэдэкъым... Дэ щыпкъагъэм, щыхуГъэм, хабзэм дыщІапІыкІащ. Ауэ, нобэрей щІалэгъуалэм сакІэпольпри, жысІэн си куэдщ, кьыщыщІэздзэнури сымыщІэну.

Сэ гъэсэныгъэм сепхащи, сигу илъыр хуиту къэспсэлъыну къэзлэжьу кьысщохъури, си гуапэт ди щІыхуэхм сызэхащыкІамэ. Уи лъэм зебгъэужьыну, зыбгъэпсэхуну паркым урокІуэ, псалъэм папщІэ. ЩІалэгъуалэр тетІысхьэпІэхэм телъщ! Пщащхэмрэ щІалэхэмрэ зэшэкІауи урохьэлІэ. Нэхъыжь дыкъалъагъунути, нэхъыщІэм щапхъэ мыхъумыщІэ идогъэльагъути, жаІэу укІытэркъым. Сэхуран яІунщІу, я гъуэншэджжэр «къиудауэ», я джанэхэр инуи хихауэ ущащІуплъэкІэ, уи гур кьодзэкъыкІ. Зыгуэр жумыІэу, умыгъэщІагъуэу ублэкІынкІэ Іэмал иІэкъым. ЖыпІэІамэ, «Уигу иримыхьмэ, уемыплъ», жаІэри, лъэпкъым текуауэ гугъэу къыпхуэна машІэри кьрагъэщэщахьыж. Ар нэхъыжь псоми ягу кьоуэ. Абы кьищынэмыщІауэ, тетІысхьэпІэхэр сондэджэрхэм яубыдащи, зыбгъэпсэхуну уетІысэхамэ, нэщхькІэ кьоуэу апхуэдэхэщ.

- Бдыдэ1ыгъ! Нэхъыжьхэм я закъуэ мыхъуу, хабзэщІэкъу щІалэгъуалэмми я гум илъщ а узытепсэлъыхьыр. Ауэ абыхэм зы упщІэщ яІэр - дауэ хабзэр зэрыткъуэмэур? Пэжу, сыт щІэн хуейр? Дэнэ дежь къыщыщІэдзапхъэ, адыгэр адрей лъэпкъхэм дахэмыгъуэщэн, зэманым зыдэтщІурэ дыдэмыкІуэдын папщІэ?

- А псори къыщежьэжьыр унагъуэраща, адэ-анэм я дежщ. Сабийр щыщыкІым пІощІэкІамэ, абы и гъэсэныр кІуэ пэтми нэхъ гугъу хъунуращ. КъыдэкІуэтеям хабзэр, бзэр кьебгъэщтэну яужь уихьэмэ, къаруушхуэ текІуэдэнщ. АдэкІэ, курыт еджапІэм. Пасэм пионер, комсомол щыІэти, мыхъумыщІагъэ гуэр кьыбдалъэгъуамэ, абы укъыхадзыжьи жьихуэпІэм нэхъ шынагъуэ щымыІэу кьащыхьурти, хабзэм текІыртэкъым, укІытэгъуэ, напэтехьгъуэ зэримыхуэным яужь итт псори. Шынэ здэщыІэм укІыти щыІэщ! Ар пэжщ. Ди нобэрей щІэблэр зыгуэрым щышынэу, щыукІытэу щытамэ, уэрамым щытпльагъу хьэдзэгуэдзахэр щыІэнутэкъым. Е адэ-анэм, е еджапІэм, е щІыхубэм жаІэнум егупсысын хуейщ ахэр.

- Пионерхэмрэ комсомолхэмрэ кьэгъэунэхужьын хуейуэ ара абы кьибгъэкІыр?

- Абы Іэмал имыІэу щыткъым. Нэгъэщ1 хэкІыпІэхэри щыІэщ. Курыт школхэм хабзэм щыхурагъаджэу сыхьэт бжьыгэ яІэмэ, адэ-анэр я быным якІэпльыпльмэ, хъунри мыхъунри зэхащІыкІыу япІмэ, щІалэгъуалэм далъагъу мыхъумыщІагъэхэм щытепсэлъыхь, къуаншэхэр укІытэгъуэ изыгъэувэ цІыхубэ зэгухьэныгъэхэр къэунэхумэ, щхьэпэ хъуну къысщохъу. Ар зы.

Сэ дзэ къулыкъу зызохьэ. Си лэжьыгъэм екъэлІауэ лъэпкъ хьэл гуэркэм гу лъыстащи, абыи сытепсэлъыхьыну сыхуейт. Дзэм къулыкъ щызыщІэхэм чэзыкІэрэ кьалэн гуэрхэр я пщэ кьыдалъхьэ. Псалъэм папщІэ, кІэртІоф ирагъэукъэбз, зыкъэущыкъу ирагъэтхьащІ, е лъэгу ирагъэлъэс. Ди адыгэ щІалэхэм апхуэдэ лэжьыгъэр напэтехьгъуэ зыгъэпсэмакъ гугъэу кьыпхуэна ящІэри, псалъэмакъ кьаІэт. Зы ноКІуэ, тІу ноКІуэ жаІэурэ, хьэргъэшыргъэ хохуэ. Дзэм и хабзэхэм уететыну, унафэхэр бгъэзэщІэну псалъэ щыптакІэ, Іэ щытебдзэжакІэ, унафэр гъэзащІэ, уи псалъэр Іыгъыж. Абы емыкІу хэлъхьам, ар напэтехьгъуэ. Дзэ къулыкъум цІыхубз лэжьыгъэ, цІыхухъу кьалэн жаІэу, зэхэдз щащІыркъым. Абы уи щхьэ ухуэІэбэжу ущагъасэу аращ, Ар тІу.

Псоми къыдгуроІуэ, къуажэм дэущІыдауэ дзсурэ, кьалэм еджапІэ ягъакІуэ щІалэгъуалэр хуитыныгъэм чэф зэрищІыр, языныкъуэхэм дежи зэрыщымыта зэрыхъур. Мис а лъэхъэнэм деж щІалэгъуалэм нэхъ ихуэзакъэн ным къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 15-м щІэзэхэтыщІ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Химки и кьалэм щІыпІэ командэм щыІущІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщкІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Динамо»	15	12	2	1	28-10	38
2.	«Тосно»	16	9	5	2	26-13	32
3.	«Факел»	16	7	5	4	20-14	26
4.	«Шинник»	16	7	5	4	19-13	26
5.	«Зенит-2»	16	6	7	3	20-16	25
6.	«СКА-Хабаровск»	16	6	7	3	20-17	25
7.	«Енисей»	16	7	3	6	18-15	24
8.	«Спартак-2»	16	6	6	4	22-18	24
9.	«Волгарь»	16	6	3	7	19-23	21
10.	«Тамбов»	16	5	6	5	14-15	21
11.	«Тюмень»	16	5	5	6	17-19	20
12.	«Спартак-Налшык»	16	3	9	4	11-12	18
13.	«Луч-Энергия»	16	4	4	8	12-19	16
14.	«Кубань»	16	3	7	6	13-17	16
15.	«Химки»	16	3	7	6	13-21	16
16.	«Сокол»	15	2	10	4	17-19	16
17.	«Мордовия»	16	4	3	9	14-19	15
18.	«Сибирь»	16	2	9	5	13-18	15
19.	«Нефтехимик»	16	3	5	8	13-23	14
20.	«Балтика»	16	2	6	8	10-18	12

● Ди псэлъэгъуэр

хуейщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, еджапІэ нэхъыщхьэм щылажьэ егъэджакІуэхэм, еджагъэшхуэхэм я кьалэнхэм хиубыдэркъым студентхэр ягъэсэныр. Сыту жыпІэмэ, илъэс 18 ирикъуэ цІыхур балигъыу кьалъытэ, езыхэми я Іуэху зэпхуэу ядэнукъым. Егъаджэ, ауэ умыгъасэ. Ар щыуагъэшхэщ. Адэ-анэм я нэІэ кьыщІэкІами, зыгуэр кІэлъыплъын хуейщ. Мис а ныбжьраш цІыхум зихъэжьын цыщІидзэр, хабзэр Іэщыбгъ щІыпІэмми, и нэмыс иІыгъыжу псэуными зэлъытар. ЗэрыжьісІащи, а ныбжьым деж зыгуэрым щымышынэмэ е щымыукІытэмэ, зы лІакъуэ тІэщІокІ!

- Жамболэт, а узытепсэлъыхьым теухуауэ, уи щхьэкІэ, сыт нобэ къэпкъым хуэдлэжьыфынур?

- Сэ сыхьэзырщ къэпкъым, хабзэм, нэмысым тегуэввыхь дэтхэнэ зыми седэІуэну, акъылэгъу, дэІэпкъуэгъу сыхуэхъуну. ХэкІыпІэ къэзыгъэтамрэ гупсысэ гуэр зыбгъэдэлъ, ар нахуапІэ щІэарэт жьзыІэмрэ зыщІэзгъэкъуэфынущ, и Іуэхур згъэкІуэтэфынущ. Ди цІыхубэ зэгухьэныгъэм и хэщІапІэр - Налшык кьалэ, Ахъуэхъум и цІэр зезыхьэ уэрам, 137-нэ унэ, 36-нэ кабинет. Кьысхуэзэну, кьызэпсэлъэну гукъыдэж зиІэжам папщІи, редакцэм си телефоныр кьыфхуэзгъанэ.

- Упсэу, Жамболэт, Уи къару илъу, лъэпкъым жыдэжру ухуэлажьэу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу.

Епсэлъар
ФЫРЭ Анфисэщ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Узыншагъэ

Пыхусыхур къэмыс щІыкІэ

Пыхусыхум зэрыпэщІэт хущхъуэр ди цІыхуэхэм яльэгъэІэсыным пыщІа Іуэхугъуэхэм къыпащэ. Ящэ къаІэрыхьа хущхъуэ бжьыгъэхэр и кІэм нэсу кьагъэсэбэпащ, етІуанэри мазэ ныкъуэ пІальэм фІиш хъунукъым.

КЪАПЩТЭМЭ, «Гриппол» хущхъуэгъуэр халъхьэнущ ди республикэм щыщу цІыху мин 350-м нэблагъэм. Налшык кьалэ и закъуэ а бжьыгэр мини 130-м щынэсынущ. Псом ящэу вакцинэхэр ирахьэпІэнущ еджапІэхэм, медицинэ ІэнатІэхэм, транспортым, псэупІэ-коммуналнэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм.

«Гриппол»р-зыкІи темышныхьу халъхьэ хъунущ мазих ныбжьым нэса сабийхэм я деж къыщыщІэдзауэ. Ар езэгъынущ цІыхубз уэндэгъуэхэм.

ФокІадэм и 1-м яублащ цІыхуэхэм мастэ хэлъхьэныр, а лэжьыгъэр мы мазэ иухыну екІуэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Полицэ

ЦІыкІуэхэр ягъэгуфІэ

Ведомствэм хэмыт хъумакІуэ къудамэу (ОВО) Шэджэм щыналъэм щыІэм и лэжьакІуэхэм хабзэ яхуэхъуауэ махуэшхуэхэм ирихьэлІэу йогуапэ гугъусыгъу хэхуа сабийхэм.Иджы благъэ ахэр щыІащ Налшык кьалэ дэт школ-интернат №3-м и гъэсэнхэм я деж.

ШКОЛ-ИНТЕРНАТЫМ щрагъаджэ зи нэхэм сэкъат иІэ, фІыуэ зымыльагъу, гупльитэ хэха хуэныкъуэ сабийхэр. Хьэщ1эхэм социальнэ Іуэхущ1апІэм тыгъэ хущІащ Іэмал имыІэу зыхуеину хьэпшынтхэр. Ахэр кьызэращэхуар езы лэжьакІуэхэм зэхалъхьа ахъшэщ. Полицейхэм зэрыжаІащи, езыхэм ящыщ куэдым сабий яІэщи, фІы дыдэу ягъуроІуэ дэІэпкъуэгъу хуэныкъуэ цІыкІухэм защІэгъэкъуэнущ, гупльитэ яхуэщІынкІэ щхьекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэр зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хунту фытхэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэсэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ. Япэ дерсыр щІэнщэу щытынущ.

Инджылызыбзэр зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

ЗэрытемыгъэкІуэныгъэм итхьэкъуахэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - **«СКА-Хабаровск» (Хабаровск)** - **1:1(1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 8-м. ЦІыху 1500-рэ еплъащ.**

Судьяхэр: Москалёв (Воронеж), Усачёв (Дон Іус Ростов), Миневич (Смоленск).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ, Мурачёв, Тебэрды (Марченкэ, 77), Войнов (Каркаев, 73), Крамаренкэ, Дроздов, Мухьэммэд, Багъэтыр (Соблир, 57), Гугуев (Ахъъядов, 62).

«СКА-Хабаровск»: Довбня, Удалый, Купчин (Киреев, 72), Димидкэ, Дедечкэ, Черевкэ, Карасёв, Кацаев (Калинский, 71), Лесканэ (Кобялкэ, 74), Булия (Казанков, 46), Никифоров.

Топхэр дагъэкІащ: Гугуевым, 3 (1:0). Лесканэм, 39 (1:1).

Дагъуэ кьыхуащІащ: Гугуевым, Купчиным, Дедечкэм, Казанковым.

Япэ дивизионым зэриІэзэжрэ иригъэкІуэкІа джэгугъуэ 16-м ящыщу 9-р «Спартак-Налшыкым» зэрытемыгъэкІуаеу иригъуэхащ. Абы и зэранкІэ, плІэ фІэкІа кьыхамыгъэщІами, ди щІалэхэр турнир таблицэм и епщыкІутІанэ увыпІэм щыту аращ икІи зыхэт гупыр езыгъэбгынэну епщыкІуханэ увыпІэм зэрыпэжьжьэр очкоитІкъудейщ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ «СКА-Хабаровск»-р Налшык къэкІуат премьер-лигэм хукъуэзыгъэплъ щытыкІэр ихьумэну щІэхьэуспсу. АрщхьэкІэ джэгум и щІэдзэкІэм хьэщІэхэр хуабжьу къигъэуІэбжьащ. Ещанэ дакъикъэр екІуэкІыу арат угловойр кьагъэсэбэпу налшыкдзэхэр япэ щищам: метритІщыкІэ фІэкІа Іуэум пэмыжьыжьу топыр кьызыІэрыхьа Гугуев Магомед абы и кьару псори хилъхьащ.

ПсынщІэ дыдзу ехьупІэныгъэр кьызэІэрихьа хэгъэрейхэр нэхъри тегушхуауэ ебгъэрыкІуэ хуащІ. Ебгъуанэ дакъикъэм Мухьэммэд Шэрифэ лъэщу зэуа топыр зымащІэкІэ гуэум щхьэпрыкІащ. Абы кьыкІэлъыкІуэу Гугуевми Іэмал гуэзэджэ кьыхукъуэкІащ.

ЕбгъэрыкІуэныгъэм дихьэха «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я гуэр зэрахъумэн хуейр піалъэкІэ яІэщІагъэупщыкІащ. Ар Іэзэу ящыщхэм хьэгъэсэбэпащ икІи 40-нэ дакъикъэм Лесканэ бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ.

Загъэпсэхуауэ кьызэрихьэжу ди щІалэхэр аргуэру япэ ищІыфыну щытащ. АрщхьэкІэ Мухьэммэд лъэщу зэуа топым «СКА-Хабаровск»-м и гъуащхьэтет Довбня кьригъэгъэзэфащ.

Командэхэм я тренерхэм ужькІэ ирагъэкІуэкІа зэхъуэкІныгъэхэм лъэныкъуитІми я ебгъэрыкІуэныгъэхэр ягъэужьыкъыжьыпащ. Нэрылъагъуточко зырызыкІэ ахэр зэрыарэзэщ. Апхуэдэуи кьэхъущ - джэгур зэрытемыгъэкІуаеу, 1:1-уэ, иухащ.

Зэхьэзэхуэр япэ дивизионым щызэщІопльэ икІи хуэм-хуэмурэ Іупщі къохьу премьер-лигэм щІэбэныну-хэр. Зи кІуэ текІуэныгъэр зыІэрызыгъэхьэу бжьыпэм зыщызыгъэбыда Мэзкуу и «Динамо»-м ар куэдым хуагъэзэфащэми, Ленинград областым и «Тосно»-м и етІуанэ увыпІэр зыпэмыпльащ. Мэзкуудэсхэр очко пщыкІутІкІэ ещанэ увыпІэм щхьэщыкІащ икІи фІэщщІыгъуейщ абы и тепщэныгъэр зыІэщІигъэкІыну. «Тосно»-ри очкоихкІэ кьыкІэлъыкІуэм япэ ищащ икІи кьиКІуэтынухэм ящыщкъым.

Адзкэ щыгъуаз фыхуэтщІынщ япэ дивизионым иужьу щызэхэта зэІущІэхэм кьарикІуа бжьгъэхэм: **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Кубань»** (Краснодар) - **1:0**, **«Спартак-2»** (Мэзкуу) - **«Тосно»** (Ленинград область) - **1:3**, **«Енисей»** (Красноярск) - **«Факел»** (Воронеж) - **2:0**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Тамбов»** (Тамбов) - **0:1**, **«Волгарь»** (Астрахань) - **«Химки»** (Химки) - **1:1**, **«Зенит-2»** (Санкт-Петербург) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **3:1**, **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Шинник»** (Ярославль) - **1:2**, **«Балтика»** (Калининград) - **«Мордовия»** (Саранск) - **1:2**, **«Тюмень»** (Тюмень) - **«Сокол»** (Саратов) - **1:1**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым къыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 15-м щІэзэхэтыщІ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Химки и кьалэм щІыпІэ командэм щыІущІэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

Хьэфіыці Эмухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщіэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщі Иэз.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэтлъ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетрграф» ООО-м щытрадзащ.
КЪБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкІ Соня,** *редактору* **Къумахуэ Аслъэн,** *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанпэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1573